



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES KONTINYE EFÒ POU
DEFANN DEDIKSYON SALT LA**

***Kowalisyon milti-eta depoze yon petisyon nan Tribinal Siprèm Etazini pou tandè
apèl***

Gouvènè New York la Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral New York la Letitia James te anonse jodi a New York, Connecticut, Maryland, ak New Jersey [depoze yon petisyon pou òdonans bay Tribinal Siprèm Etazini an pou kontinye pwosè pa yo kont gouvènman federal la pou limit ilegal ak san parèy li a sou dediksyon pou taks eta ak lokal yo, ke yo rele SALT \(State And Local Taxes\)](#). Petisyon jodi a mande Tribinal Siprèm lan revize yon desizyon Tribinal Apèl Dezyèm Sikui Ameriken an te fè nan mwa Oktòb 2021 an ki te konfime rejè tribinal distri konsènan pwosè eta yo, ki fè konnen ke limit SALT la se te yon tantatif ki te motive politikman pa ansyen administrasyon federal la pou entèfere ak chwa politik eta an majorite demokratik yo.

"Limit dediksyon SALT la pa mwens pase yon doub taks sou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Anilasyon limit SALT la t ap non sèlman mete plis lajan nan pòch fanmi New York yo, li t ap bay ekonomi New York yon ranfòsman ki nesèsè anpil. Mwen fyè paske n ap pote pwoblèm sa a devan Tribinal Siprèm lan pou kontinye goumen nan non kontribyab New York yo."

"Limit enjis sa a deja mete yon gwo fado finansye sou do anpil anmi klas mwayèn k ap travay di nan New York, la epi nan ane k ap vini yo, li prevwa koute kontribyab New York yo plis pase 100 milya dola", **Pwokirè Jeneral James te deklare**. "Nou te depoze pwosè sa a pou pwoteje plizyè milyon Nouyòkè kont atak sa ki danjere, mal-avize, epi ki manifeste pa politik. New York pa pral pran nan entimidasyon pou l peye plis pase pòsyon ki jis li a, epi nou pral kontinye goumen."

[Pwosè a — ki te orijinalman depoze an Jiyè 2018 nan Tribinal Distri Etazini an pou Distri Sid New York](#) — bay agiman ke yo te adopte nouvel limit SALT la pou sibler New York ak lòt eta ki nan menm pozisyon yo, ki ap entèfere ak dwa eta yo pou pran pwòp desizyon fiskal yo, epi ke li pral afekte nan yon fason dispwopòsyone kontribyab yo ki nan eta sa yo. Pi gwo eta yo ki gen pi gwo dediksyon mwayèn pou taks eta ak lokal yo — yon majorite ladan yo se Demokratik — ki gen ladan New York, Connecticut, Maryland ak New Jersey.

Lwa Fiskal federal 2017 la te ranvèse plis pase yon syèk nan presedan nan kòd taks federal la — sa ki redwi yon fason konsiderab dediksyon taks eta ak lokal la lè yo te limite li a 10,000 dola. Yon analiz ke Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York lan (New York State Department of Taxation and Finance) te fè montre ke limit lan pral ogmante taks federal moun New York yo de 15 milya dola chak ane. Antanke youn nan pi gwo eta donatè nan nasyon an, atak sa a siyifikativman lakoz plis domaj pou New York pase anpil lòt eta. Anvan promilgasyon lwa 2017 la, eta New York te deja te gen pi gwo diferans pami tout eta lè yo te konsidere kantite lajan New York te voye Washington, D.C. ak finansman li te resevwa an retou. Lòt eta donatè yo, tankou Connecticut, Maryland, ak New Jersey defavorize menm jan an.

Nan desizyon an septanm 2019 la, malgre yon desizyon kont eta New York ak eta patnè li yo, Tribinal Distrik Etazini pou Distri Sid New York te dakò ke eta yo te defavorize dapre agiman yo ke limit la sou dediksyon taks eta ak lokal la ka bese pri kay yo. Lè yo ogmante taks sou pwopriyete eta a yon fason efikas, limit SALT la pral redwi tou valè pwopriyete yon pwopriyetè kay, kidonk sa k ap dekouraje yo vann kay ak diminye revni eta yo kapab kolekte lè yo takse vant sa yo.

Rapò nan laprès montre tou prèv anekdotik ki montre Nouyòkè yo — sitou sa yo ki gen salè ki pi wo nan eta a — deja deplase kay yo ak biznis yo nan eta tankou Florid akòz limit sou dediksyon SALT yo. Nan New York, en pousan pi gwo kontribiyab yo reprezante 46 pousan nan koleksyon taks sou revni eta a epi pèdi yo menase kapasite eta a pou respekte pwomès New York pou bay opòtinite pou chak moun nan eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)